*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 138 (25624)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2022 азы 3 август — майрæмы мæйы 3 бон, æртыццæг**

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД *Ахуыры азмæ — цæттæйæ*

3 ХУРЗÆРИН *Тематикон фарс*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Футбол*

**Нысантæ**

## Астæуккаг паркмæ бахизæны нывылад

**Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл центрон паркмæ бахизæн, Горькийы уынджы рдыгæй, рацараздзысты.**

Уый тыххæй фехъусын кодта архитектурон проекты автортæй иу, **Олег Припутнев**.

"Гыбызы-фырты уынгæй паркмæ бахизæны онг æппæт квартал архитектурон æгъдауæй уыд афтид, пайда дзы кодтой 10 проценты бæрц. Горькийы уынгæн, Сабырдзинады проспектæй парчы онг ис иунæг къахвæндаг. Уый та туристон бынатæн æгæр къуындæг у", — загъта Олег Припутнев.

Архитекторы хъуыдымæ гæсгæ, Горькийы уынджы къахвæндæгтæ уыдзысты дыууæрдыгæй дæр, Гыбызы-фырты, уынгæн та парчы онг фæзындзæн райгонд, зæрдæмæдзæугæ бакаст. Агуыридурæй арæзт къулты бæсты дзы уыдзæн райдзаст, газонтимæ, цъæхвæлыстимæ тыгъдад, къахвæндæгтæ, цырæгътæ.

Специалисттæ айсдзысты раздæры зоопарчы бæстыхай, æхгæд цъирæн станцæйы къултæ, æмæ адæммæ разындзæн барон Штейнгелы бæстыхай. Ныртæккæ дзы æрбынæттон парчы администраци. Горæты разамынд куыд хъусын кæнынц, афтæмæй куыстытæ фæуыдзысты октябры.

**Нæ уацхæссæг**

**Ахуырад**

## Ног æрмадзтæ байгом

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис архайдта "Ворлдскиллс"-ы "Рестораны лæггæдтæ" æмæ "Амалхъомад"-ы æрмадзтæ байгом кæныны хъуыддаджы. Бынат сын скодтой Базарадон-экономикон колледжы бындурыл.**





Уыдæттæ къухы бафтыдысты национ проект **"Ахуырад"-ы** фæрцы. Дзанайты Барис, ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** æмæ колледжы директор **Æбиты Валери** æркастысты ног ифтонггæрзтæй æххæст æрмадзтæм. Ныр ахуырдзаутæн сæ бон уыдзæн амалхъомад æмæ рестораны лæггæдты дæсныйады сусæгдзинæдтæ базонын, практикон æгъдауæй сæ æвдисын.

**"Амалхъомад"-ы** æрмадзмæ балхæдтой компьютерон ифтонггæрзтæ, магнитон-маркерон фæйнæджытæ, хъæугæ хъæдын дзаума, видеокамерæтæ æмæ æндæр фæрæзтæ. Студенттæн сæ бон уыдзæн сæ хъуыдытæ цардмæ хæссын, бизнес-пълантæ кæнын, проекттæ аразын. Се 'хсæн ис **"Ворлдскиллс"-ы** регионалон къæпхæны уæлахиздзаутæ дæр. Хицауады Сæрдарæн студенттæ радзырдтой сæ нысанты тыххæй. Хъæвынц ирон продукци уадзджыты товартæ базарадон хызтæм рахæссын, комиссион дуканитæ байгом кæнын.

**"Рестораны лæггæдтæ"-йы** æрмадзтæ ифтонгсты хæринаггæнæн хъæугæ дзаумайæ, уазалгæнæнтæй, бары ифтонггæрзтæй, тæбæгътæй, агуывзæтæй. Æбиты Валери куыд загъта, афтæмæй ног ифтонггæрзтæ фадат ратдзысты, хæринаггæнæгыл, кондитерыл чи ахуыр кæны, уыцы студенттæн рестораны хъуыддаджы уæлæмхасæн фæзилæнтæ базонынæн, "Ворлдскиллс"-ы ерыстæ кæныны фадæттæ дæр дзы фæзынд. Ныртæккæ ахуыргæнджытæ сæхи цæттæ кæнынц Мæскуыйы; уырдыгæй хорз цæттæгондæй ссæудзысты.

Дзанайты Барис аргъ скодта æппæт авналæнтæн дæр. Йæ ныхасмæ гæсгæ, республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** сын сæ размæ æвæры хорз цæттæгонд специалисттæ уадзыны фарста. "Федералон центрæй хорз æххуыс исæм, национ проект "Ахуырад"-мæ гæсгæ райстам 15, 5 милуан сомы. Уыдонæй æрмадзтæ сфæлгонц кодтам. Туризмы рæстæн нын ацы хъуыддæгтæ ахсджиаг сты, хъуамæ къабазмæ хорз цæттæгонд специалисттæ æрбацæуой. Базарадон-экономикон колледж схонæн ис кадрты æрмадз. Абон ам федтон, ахъаззаг фæсивæд, сæ хъуыдытæ сты хъæугæ. Бантысæд сын", — загъта Дзанайы-фырт.

Ацы аз профессион ахуырады фондз кусæндоны материалон-техникон базæтæ сног уыдзысты: Дзæуджыхъæуы электроникæйы колледж, Цæгат Кавказы арæзтадон техникум, Дзæуджыхъæуы базарадон-экономикон колледж, Цæгат Кавказы аграрон-технологон колледж æмæ Цæгат Ирыстоны медицинон колледж. Фæзындзæн дзы æрмадзтæ: "Аивад, дизайн æмæ лæггæдтæ", "Информацион-коммуникативон технологитæ", "Арæзтад", "Хъæуон хæдзарад", "Социалон къабаз".

2024 азмæ астæуккаг профессион ахуырады фæзындзæн 39 æрмадзы.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Юбилей**

## Кадджын бæрæгбон

**Раджы кæнæ æрæджы алкæцы журналист дæр йæхицæн хъуамæ сбæлвырд кæна, дзæвгар рæстæг æмгуыстад кæимæ кæны, уыцы газетмæ йæ ахаст. Æмæ нын ахæм фадат дætты "Северная Осетия"-йы 105 азы юбилей.**




Республикон мыхуыры раздзогимæ мæн рагон æмгуыстад бæтты. Ме 'рмæджытæ мын газет мыхуыр кæнын райдыдта, партийы обкомы мыхуыры фæрæз ма куы уыд, уæд. Газет цыд стыр тиражæй, кадджын уыд дзыллон аудиторийы цæсты. Куыд райдайгæ литератортæ, афтæ аив дзырды дæснытæ минæвæрттæ архайдтой, цæмæй се 'рмæджытæн бынат разына "Соц. Осетия"-йы фæрстыл. Фæлæ алкæцы авторæн фæндаг нæ уыд газеты фæрстæм. Уыимæ, лыггæнинаг фарстатыл æрмæджытæ алкæддæр уæлдай цымыдис æвзæрын кодтой, куыд хицаудзинады оргæнтæм, афтæ хуымæтæг газеткæсджытæм дæр.

Газет "Северная Осетия"-имæ æмгуыстады фæлтæрддзинад мæн ахуыр кодта рæвдз æмæ бæстон фыссын, æнцонæмбарæн æвзагæй архайын. Æмæ мæ "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор Хъаныхъуаты Валодя йæхирдыгæй куы нæ фæкодтаид, уæд, æвæццæгæн, кусынмæ бацыдаин "Соц. Осетия"-мæ (газеты уæды редактор Дзампайы-фырт мæ куыстмæ рагæй хуыдта). Фæлæ сæйрагдæр, æвæццæгæн, æндæр у. Уыцы рæстæг мæ бахъуыд дыууæ æвзагыл фыссын. Уыимæ, дыууæ æвзагыл сфæлдыстад уæлдай фылдæр фæлварæнтæ æвæры адæймаджы размæ. Æмæ кæд ивгъуыд æнусы 80-æм азты дуг раджы ахицæн, уæддæр нæ зæрдæты баззад арф бынаты æвæрдæй.

Ныртæккæ та? Раивтой цалдæр дуджы: рацарæзт, волюнтаризм, дефолт... Газет "Северная Осетия", бирæ фæлварæнты сæрты ахизгæйæ, йæ дарддæры фæндагыл æнтыстджынæй цæуы. Æмæ мах, йæ хæлæрттæ, уымæн стæм æвдисæн. Мыхуыр æмæ ныхасы сæрибардзинады дуджы дæр газет йæхи бынат ссардта. Æппæт уыцы процесстæ адæймагæн радтой сфæлдыстадон рæзты фадат. Æмæ ахæм сæрибардзинад æмæ æргом дзырды фæрцы нæ республикæйы сæйраг газет уырыссаг æвзагыл æрмæстдæр рамбылдта, газеткæсæджы цæсты йæ кад фæбæрзонддæр.

Никуы мæ ферох уыдзысты уыцы ирд æнкъарæнтæ, ацы æнусы райдайæны газеты фæстаг фарсыл 50-минон тиражы тыххæй бæрæггæнæн куы федтон, уый. Æмæ уый уыд дефолты азты фæстæ. Фæлæ æрмæстдæр "Северная Осетия"-йы разамонджытæ æмæ кусджытæ зыдтой, цы бæрзонд аргъæй бафтыд сæ къухы уыцы æнтыстдзинад. Уырыссаг æмбисонды куыд загъдæуыд: "Цы байтауай, уый æркæрддзынæ".

Æмæ мын æхсызгон у, "Северная Осетия"-имæ æмгуыстад дарддæр æнтыстджынæй кæй цæуы, уый. Редколлегийы уæнгтæй алкæддæр бузныг вæййын, автортæн сæ алыхуызон æрмæджытæ ныммыхуыр кæнынæн æппæтвæрсыг фадæттæ кæй саразынц, уый тыххæй. Алкæцы газет дæр хъуамæ фадат дætта авторæн йæ хъуыдытæ зæгъынæн...

Мах иумæйаг хъарутæй фыссæм нæхи æмæ нæ уарзон газеты истори. Разæй нæм æнхъæлмæ кæсынц ног темæтæ, ног фембæлдтытæ, ног уацмыстæ... Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, ног бæрæгбæттæ. Ацы юбилейон бонты газет "Северная Осетия"-йæн мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй йæ историйы дыккаг æнусы райдайæн уа ноджы цымыдисагдæр æмæ хъæздыгдæр ахадгæ æрмæджытæй. Газеты журналистты коллективæн та — сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ, фæрныгад, газеткæсджыты æгæрон нымæц æмæ милуанон тиражтæ.

**ХОЗИТЫ Барис,**
**газет "Рæстдзинад"-ы**
**сæйраг редактор**

**Арæзтад**

## Фæндаггоны амондæй хайджын уæд!

**Фæндæгты арæзтады фыццагдæр домæн у йæ хæрзхъæддзинад, адæмы æдасдзинад. Уæдæ Дзæуджыхъæуы Леваневскийы уынджы цæрджытæ æхсызгонæй цæудзысты асфальтæй æмбæрзт ног фæндагыл. Фæндагон-цалцæггæнæн куыстытæ бакодта подрядон организаци "Скиф-Сервис". Лæгъз æмæ æнцонвадат фæндаджы уындæй зæрдæ рухс кæны.**

Куыстуаты генералон директор **Дзабиты Хъазыбеджы** ныхасмæ гæсгæ, фæндаджы хай цалцæггонд нæ уыд бирæ азты, адæм зындзинæдтæ æвзæрстой.

— Дзæуджыхъæуы бынæттон администраци нын бабар кодта, æмæ дыууæ мæйы размæ куыстытæм бавнæлдтам. Проектмæ гæсгæ ног фæндаджы дыууæ хайæн сæ дæргъ у фæйнæ 350 метры, сæ уæрх та — 5,50 метры. Фæндаг асфальтæй бамбæрзыны размæ уал бакодтам цæттæгæнæн куыстытæ, слæгъз кодтам æмæ дзы дыууæ цъары астфальт сæвæрдтам. Æдæппæтæй 3500 квадратон метры. Арæзтадон куыстытæ цыдысты паддзахадон программæ **"Æдас æмæ хæрзвадат фæндæгтæ"-йы** бындурыл. Фидаргонд æрцыдысты фæндаггæрæттæ дæр, — загъта Хъазыбег æмæ фæнысан кодта, ацы арæзтадыл хардзгонд кæй æрцыд 10,5 милуан сомы. Куыстытæ æппындæр ницæмæй къуылымпы кодтой, хъæугæ æрмæг, æппæт техникæ, дæсны специалисттæ сæм ис. Раппæлинаг куыст бакодтой фæндæгты мастер **Рубайты Алыксандр**, прораб **Джиоты Марат** æмæ иннæ кусджытæ.

Бирæ арфæйы ныхæстæ фехъуыстой ацы сыхбæсты цæрæг адæмæй. Дæ фыдæбонæн дын аргъгæнæг куы уа, уæд уый æхсызгон вæййы.

— Не стыр бæллиц сæххæст, æмæ уый тыххæй, цæрджыты номæй, арфæ кæнын, ацы хорз хъуыдагмæ йе 'вæрæн, йæ къухвæллой чи бахаста, уыдонæн, — зæгъы фæллойы ветеран **Тедтойты Ладемыр**. — Дæс азы бæрц фыстам, нæ куырдиат алы бæрнон лæгтæм хастам. Азтæ цыдысты, хицæуттæ иу иннæйы ивтой, фæлæ уавæрмæ кæсæг нæ уыд алы æфсæнттæй. Не 'рбацæуæнтæ зæрдæмæдзæугæ кæй нæ уыдысты, уый нæ сагъæсы æфтыдта, — зæгъы Ладемыр. — Нæ фыдæбæттæ дзæгъæлы нæ фесты. Æхсызгонæй ныр тезгъо кæнæм нæ уынджы хистæрæй-кæстæрæй. Аивгонд æрцыд кæрæй-кæронмæ, ногтæй баивтой канализацийы люктæ дæр, æмæ сын бузныг.



— Абон зæрдæ рухс кæны фæндагаразджыты архайдæй. Хæдзардзин æфсинтау, цæстуарзон куыст бакодтой, — бафтыдта йæ хорз сыхаджы ныхасмæ **Цæгæраты Асланбег**. — Алы хæдзармæ дæр скодтой бацæуæнтæ, уымæй уæлдай скодтой дидинæгдæттæ, саумæр сæм æрбаластой. Уæлдай зæрдæмæдзæугæ та къахвæндæгтæ рауадысты.

Фæндагаразджытæн бузныг зæгъын бафæндыд ацы сыхбæсты бирæ азты цæрæг **Наталья Бастиевайы** дæр:

— Тынг æдзæллаг уавæры уыд нæ фæндаг, зивæггæнгæ нæм цыдысты такситæ, тагъд æххуысы машинæтæ, рыджы бын-иу фестæм. 50-æм азты дзы фыццаг бинонтæ куы æрцардысты, уæдæй нырмæ рохуаты баззадыстæм, никуы дзы уыд асфальтгонд. Афтæмæй нæ уынгты цæуы 7-æм æмæ 8-æм номыр трамвайтæ. Фæлæ ныр уавæр цæхгæр фæивта. Уынг нæ, фæлæ нын ныр æнæхъæн Леваневскийы проспект скодтой, — цингæнгæйæ загъта Натальæ.

Зæрдиаг арфæ фæндагаразджытæн ракодтой 92-аздзыд **Маматы Сергей, Володя Гуготов**. **Салхъазанты Алан** ацы сыхбæсты цæрæг у, иумæйаг хъуыддагыл бирæ бафыдæбон кодта, къухæвæрдтæ, фыстæджытæ алы рæттæм хæццæ кодта, æмæ хъуыддаг сырæзт. Уый тыххæй дзы иууылдæр разы сты.

— Бузныг, нæ цинал кæй цин кæнут, уый тыххæй, — загъта **Тедтойты Милæ**. — Бирæ азты хæлæг кодтам сыхаг уынгты цæрджытæм, ныр та нæм уыдон тæхуды кæнынц. Йæ саразджытæ дæргъвæтин рæстæг лæггад кæнæнт адæмæн. Дард балц уа, кæнæ хæстæг ранмæ цæуа, алкæмæн дæр амондджын фæндаг уæд!

**ГУГКАТЫ Жаннæ**
**Къам систа**
**ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

**Дзырды фарн**

*Чиныг зонд у, чиныг цард.*
*Чиныг царды уыны дард.*

*ЕПХИТЫ Тæтæри*

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **3 августы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **28-33 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **28-30 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 14,24 | **Хурыскаст** — 04,54 **Хурныгуылд** — 19,18 | Валютæйы аргъ | **Доллар** — 60,14↓ **Евро** — 61,18↓ |

12+

Æмбырд

# Ахуыры азмæ — цæттæйæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО скодта аппаратон æмбырд, архайдтой дзы министртæ, федералон службæты регионалон разамонджытæ, районты хицæуттæ.**



Фæбæрæг кодтой республикæйы скъолатæ бындурон цалцæджы паддзахадон программæмæ бахæссыны нысантæ. Программæйы фæрцы ахуырады хуыз фæивдзæн, скъолатæ бындурон цалцæг баййафдзысты, конд у 2024-2025 азтæн.

Арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Моргуаты Константин** куыд радзырдта, афтæмæй цæттæ кæнынц хæрдзты гæххæттытæ, дарддæр сæ бадæтдзысты паддзахадон экспертизæмæ. Абон сæм ис 69 объекты, уыдон бахæссæн ис бындурон цалцæгæн федералон субсиди райсыны куырдиатмæ. Мæздæджы районы гæххæттытæм аиппытæ æрхæссæн ис, уый сæ къуылымпы кæны.

Сергей Меняйло Мæздæджы районы разамынды размæ сæвæрдта цыбыр рæстæгмæ гæххæттытæ бацæттæ кæныны хæс. "Хæрдзты гæххæттытæ хъуамæ цыбыр рæстæгмæ сцæттæ кæнат. Цæмæй скъолатæ æнæ цалцæгæй ма баззайой, уый тыххæй рæвдздæр архайут, федералон центр фæрæзтæ дих кæны. Науæд та нæ æхца республикон бюджеты агурын бахъæудзæн. Хъуамæ 5 августмæ куырдиат бадæттат", — загъта республикæйы Сæргълæууæг.

Ахуыры азмæ ма иу мæй хъæуы, уымæ гæсгæ стыр æргом аздахын æмбæлы ахуыргæнæндæтты уавæрмæ. Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** куыд радзырдта, афтæмæй ацы аз 19 скъолайы сног кæндзысты, уыдонæй 11 скъолайы байгом уыдзысты 1 сентябры, 8 та — 1 ноябры. Фæстæдæр чи байтом уыдзæн, уыцы ахуыргæнæндæтты скъоладзаутæ цæудзысты хæстæгдæр скъолатæм.

Сергей Меняйло фæсидт Хицауады Сæрдары хæдивæг Икъаты Русланбегмæ, цæмæй аныхас кæна куыстытæ æххæстгæнджытимæ, æмæ сæ архайд фæрæвдздæр кæной. Скъолатæ 1 сентябрмæ куыд радтой, афтæ. Сергей Меняйло ма æргом аздæхта æдасдзинады фарстатæм, ног ахуыры аз уый дæр ахсджиаг хъуыддаг у.

Ацы аз байгом уыдзæн 450 фыццаг къласы, уырдæм бацæудзысты 9 мин сывæллоны бæрц. **Тугъанаты Ларисæйы** ныхасмæ гæсгæ, фыццагкъласонтæн цæттæ кæнынц лæвæрттæ. Ныхас ма рауад фæсурокты архайдæн ахуыргæнджытæн æхца фидыны тыххæй. Республикæйы Сæргълæууæг куыд бафиппайдта, афтæмæй хъуамæ банымайой æппæт хæрдзтæ æмæ 1 сентябрæй ахуыргæнджытæн фидой фæсурокты архайды тыххæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Кусæг фембæлд

# Дунеон форум скæндзысты

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисæн кусæг фембæлд уыд удварны хæзнатæ хъахъхъæныны цæдис "Чырыстон дуне"-йы минæвæрттимæ.**





Ныхас бацахста дунеон форум "Чырыстон дин Кавказы: традицитæ æмæ нырыккон рæстæг" Дзæуджыхъæуы саразыны фарста. Хъуамæ конд æрцæуа Аланийыл Саргъуыды 1100 азы кадæн, республикæ йæ бæрæг кæндзæн ацы аз. Форумы сконд баст у Уæрæсейы адæмты удварны хæзнатæ бахъахъхъæнынимæ æмæ Кавказы нациты 'хсæн æмныхасимæ.

Форумы архайдзысты 300 адæймагæй фылдæр, уыдон сты æхсæнады, наукæйы, этнокультурон, дины, ахуырадон организациты, паддзахадон хицауады æмæ бынæттон хиуынаффæйады минæвæрттæ Цæгат Кавказы æмæ Хуссайраг федералон зылдтæй. Раныхас дзы кæндзысты дунеон эксперттæ.

Дзанайты Барис уазджытæн æгасцуай загъта, куыд бафиппайдта, афтæмæй хъуамæ хицауад, иннæ адæймæгтæ алцыдæр саразой, цæмæй Аланийыл Саргъуыды бæрæгбон бæрзонд æмвæзады конд æрцæуа. "Ацы форумы сконд нæ республикæйæн æмæ æппæт Цæгат Кавказæн ахсджиаг цау у. Куыд зонæм, афтæмæй РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æмæ Мæскуыйаг æмæ æппæт Уырысы Патриарх **Кириллы** 'хсæн фембæлд дæр уыцы цауимæ баст уыдысты. Мах хъуамæ алцыдæр саразæм, хъуыддагмæ бæрнонæй акæсæм", — загъта Дзанайы-фырт.

"Чырыстон дуне"-йы президент **Алексей Черкезов** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Цæгат Ирыстоны фыццаг хатт нæ сæмбæлд. Республикæйы фæсивæдæн 2014 азы скодтой Чырыстон форум.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Пенсион фондæй

# Æнхъæлцаутæн — пособи

**Стыр æфтиаг кæмæ нæй æмæ æнхъæлцаудзинады райдайæн рæстæг номхыгъдмæ бахæссыны тыххæй куырдиат чи барвыста, ахæм 3743 цæгатирыстойнаг сылгоймагæн пособитæ сæвæрдтой.**



Ныридæгæн фидæны ныййарджытæн барвыстой чысыл хъуагæй 20 милуан сомы. 1 июнæй фæстæмæ Цæгат Ирыстоны фидæны ныййарджытæн æрвылмæйон пособийы бæрц у 6207 сомы. Ныртæккæ ацы пособи нæ республикæйы исынц 1295 сылгоймаджы.

Закъонмæ гæсгæ, пособийы фæдыл куырдиатыл æрныхас кæнынц 10 кусгæ боны æмгъуыдмæ (хицæн уавæрты ацы æмгъуыд хæццæ кæны 30 кусгæ бонмæ). Пособи кæй тыххæй фидынц, æхца барвитынц уыцы мæйы фæстæ цæуæг мæйы 1 бонæй 25 боны онг.

Пособи фидыны тыххæй куырдиат барвитæн ис паддзахадон лæггæдты порталы фæрцы, кæнæ та — бæстæйы Пенсион фонды клиентон офистæм комкоммæ уагæй. Ведомствæты æмархайды программæйы фæткмæ гæсгæ, Пенсион фонд куырдиат барвитæджы æмæ йæ бинойнæгты æфтиæгты тыххæй бæрæггæнæнтæ хæдбарæй æрæмбырд кæны.

Кусынхъом бинойнæгтæй иу æфсæддон службæгæнæг, ирвæзынгæнæг, пъæлицæйы кусæг, кæнæ тыхы æндæр ведомствæйы службæгæнæг кæд у, стæй бинойнæгтæй исчи наукон кусæндоны, кæнæ ахуыргæнæндоны стипендитæ, гранттæ æмæ æндæр фиддонтæ кæд исы, æрмæст уæд куырдиат барвитæг сылгоймæгты хæс уыдзæн гæххæттытæ бавдисын.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: æнхъæлцаудзинады фыццаг 12 къуырийы дæргъы номхыгъдтæм кæй бахастой, ахæм сылгоймæгтæм ис пособи райсыны бар, бинойнаджы æфтиаг 12528 сомæй (ныртæккæ Цæгат Ирыстоны адæймагæн фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзтæ сты уый бæрц) фылдæр кæд нæу, уæд.

Фиддоны тыххæй бæлвырддæр хабæрттæ фыст сты Пенсион фонды сайты (www.pfr.gov.ru) хайад "Райдайæн æмгъуыдты номхыгъдтæм хаст æнхъæлцау сылгоймæгтæн æрвылмæйон пособи"-йы.

Уæрæсейы Пенсион фонды регионалон контакт-центр: **8-800-600-03-71, 51-80-92.**

**КЪНАТТАТЫ Маринæ**

Сабитæн

## Пластикон хирург Хасан Баиев хоны

Æппæтуæрæсеон хæрзаудæн акци "Операци. Мидбылбахудт"-мæ гæсгæ 6 августы, 10 сахатыл, Дзæуджыхъæуы консультацион поликлиникæйы (Барбашовы уынг, 33 А) чысыл сабиты фендзæн пластикон хирург Хасан Баиев.

Сывæллætты гуырдзæй рахæсгæ хъæндзинæдтæ, зæгъæм "тæрхъусы был", "бирæгъы ком", операциты фæрцы иуварсгонд æрцæудзысты.

Сабиты уавæр уындзæн зындгонд пластикон хирург Хасан Баиев. "Операци. Мидбылхудт" æххæст кæны хæрзаудæн фонд, уыдон лæвар хирургон æххуыс кæнынц гуырдзæй рахæсгæ хъæндзинæдтæ аиуварс кæнынæн.



Цæгат Ирыстоны акци уыдзæн æртыккаг хатт, 25 сентябрæй 30 сентябрмæ. Бæстæйы хуыздæр хирургтæ къуырийы дæргъы кавказаг регионы сабитæн лæвар операцитæ кæндзысты.

Рагацау сабийы ныффыссæн ис, ахæм телефонæй æрбадзургæйæ: **(8-8672) 25-66-22.**

**Нæ уацхæссæг**

Барад

## Наркотик æм ссардтой

**Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы прокурор бынæттон 27-аздзыд лæппуйыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.**

Ацы адæймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 228 статьяйы 2 хайы ("Стыр бæрцæй наркотиктæ, ауæй кæнынмæ сæ нæ хъавгæйæ, балхæнын æмæ дарын") амынд фыдракæнд саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фыдракæнд саразынæй кæй аххосджын кæнынц, ацы азы июны оперативон-агурæн мадзæлттæ æххæст кæныны рæстæг барадхъахъхъæнджытæ уыцы лæппуйы баурæдтой. Лæппумæ баджигул кæнгæйæ, барадхъахъхъæнджытæ йæм кæй ссардтой, уыцы тыхтоны разындысты наркотикон фæрæзтæ героин, 6-моноацетилморфин æмæ ацетилкодеин. Тæлæтгонд наркотикы иумæйаг уæз уыд 2,88 граммы.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы тæрхондонмæ бæстоныл æрныхас кæнынмæ.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Рохæн æвгъау нæмттæ

# "Æмæ уæм цæмæй фæкæсон?.."

**Зын у, канд Ирыстоны нæ, фæлæ æнæхъæн Цæгат Кавказы дæр фыццаг хъахъхъæнæн куыстуат "Юстас" саразæг, фыссæг, публицист, кæстæртыл æнувыд архайæг, диссаджы ирон куырыхон лæг æмæ хорз адæймаг Насхъидаты Хадзымырзæйы фырт Василийы тыххæй ивгъуыд афоны дзурын. Уый Иры фарны мæсыгæй дур расхъиуæгау уыдис, æмæ цыма уыцы мæсыг ныллæгдæр фæцис.**

Насхъидаты Васили, куыд ирон лæг, афтæ æнувыд уыдис "Рæстдзинад"-ы газетыл, æмæ йæ канд йæхæдæг кæй фыста æмæ кастис, цымыдисаг æрмæджытæ дзы кæй мыхуыр кодта, уый тыххæй нæ. Мæнæ-иу нын цыма нæ тыхст зыдта æмæ æмбæрста, уыйау-иу уыди йæ фарст: "Æмæ уæм цæмæй фæкæсон?" Афтæмæй-иу дзы кургæ дæр ницы кодтон, курын æнцон кæм у, стæй сæрмæхæссинаг дæр нæу, бæргæ... Иу æмæ дыууæ хатты нæ бацархайдта "Рæстдзинад"-ы тираж фæфылдæр кæнынылыл.

Фæстаг хатт ма йæм Беслæны Цæгат Кавказы медицинон центры рынчындонмæ рынчынфæрсæг куы ныццыдтæн, уæддæр мемæ йæ фæстаг ныхас уый уыдис: "Мæнæ та мæ куыстмæ куы рацæуон, уæд та уæм истæмæй фæкæсдзынæн". Фæлæ нал рацыд...



Бирæ ис Насхъидаты Василийы хорздзинæдтыл дзурæн. Æз дзы зæгъдзынæн уый, æмæ разамынд цы хъахъхъæнæн куыстуат "Юстас"-æн лæвæрдта, уым йæ рæстæджы куыста 350 æрыгон лæппуйæ фылдæр. Уыдонимæ уыдысты, суанг цалдæр уæлдæр ахуыргæнæндоны дипломы дæр кæмæ уыд, фæлæ йæ дæсныйадыл куыст чи не ссардта, ахæмтæ дæр. Уыдон ам хъахъхъæнæджы дæсныйадыл сахуыр кодтой æмæ сæхи дарынхъом дæр уыдысты æмæ сæ бинонты дæр. Уый та нæ рæстæджы тыхстагдæр фарста у: куыст ссарын, кусын æмæ цæрын фæразын.

Насхъидаты Василийæн йе 'цæг зонд æмæ зæрдæйы ахаст ирддæрæй разынд йæ очеркты, публицистикон уацты, мысинæгты, литературон уацмысты.

2009 азы рухс федта йæ фыццаг аивадон чиныг "Адæймагæй баззайын". Фæстæдæр рацыд йæ очеркты æмбырдгонд "Зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас". Фæстаг азты йе 'ргом аздæхта публицистикæмæ. Йæ уацтæ мыхуыр кодта нæ республикæйы газетты иронау æмæ уырыссагау. Рацыдысты йæ очеркты, мысинæгты æмбырдгæндтæ "Бирæгътыл цуан", "Цард. Тох. Уарзондзинад".

Æмæ-иу цыфæнды ма фыстаид Васили, уæддæр-иу æрмæст йæ зæрдæйы рæбын цы сфыхти æмæ бауромын цы нал фæрæзта, уый. Уый уыд æцæг ирон лæг, ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй. Куыд хистæр, афтæ тыхсти нæ рæзгæ фæлтæры фидæныл, фæндыдис æй, цæмæй алы ирон хæдзары дæр ирон фарн цæджджинагау æхсыстаид, цæмæй нæ ирон фæрнджын ныхас æрвылбон дæр, сатæг æхсæры къæрццау, хъуыстаид.

Мæнæ цы фыста "Мадæлон æвзагыл стырзæрдæ кæнын нæ хъæуы", зæгъгæ, уыцы уацы: "Арфæйаг уæнт уыцы мад æмæ фыд, йæ кæстæрты чи ахуыр кæны, фыдæлтæй нын цы 'взаг баззад, ууыл дзурыныл. Стыр бузныг уыдонæн дæр, сывæллæтты рæвдауæндæтты чи кусы æмæ сабиты зæрдæты мадæлон æвзагмæ уарзондзинад чи гуырын кæны. Бузныг скъолаты ахуыргæнджытæн, уæлдæр ахуырады минæвæрттæн, нæ уыцы хæзна мынæг кæнын чи нæ уадзы".

Насхъидаты Васили дæнцæгæн хæссы æхсæуыхъæуккаг Зураты Дзеккайы. Уый æрыгонæй афтыдис Америкæмæ. Уым кодта революцион куыст. Уæрæсейы граждайнаг хæст кæй цыд, уымæ гæсгæ йын Ирыстонмæ ссæуæн нал уыд. Уым бинонтæ скодта, зæнæг ын рацыд, фæлæ йын уæддæр æнцой нæ лæвæрдта Ирыстон. Дыууæ томæй ма чиныг дæр ныффыста, скифтæ, сæрмæттæ, алантæ Кавказмæ кæцæй æмæ куыдæй æрбафтыдысты, уый тыххæй. Мæнæ цы фыста Васили Зураты Дзеккайы тыххæй: "Иу хатт ма уæддæр æрбаздæхтис йæ райгуырæн бæстæмæ — 1964 азы. Æз æй федтон, йемæ ацыдтæн хъæутæм йæ хæстæджытæм, æмæ мæм диссаг уый фæкаст, æмæ сыгъдæг дзырдта уырыссагау, дыгуронау, иронау. Иронау дзургæйæ, иу уырыссаг дзырд дæр нæ фæкодтаид йæ ныхасы, мæнæ ныртæккæ куыд фæдзурынц, æрдæг иронау, æрдæг уырыссагау, афтæ. Æз дис кодтон, фынддæс æмæ æртиссæдз азы Ирыстоны нæ уыд, фæлæ нæ ферох кодта йæ ирон æвзаг. Гъе уый дын ирон лæг! Ныртæккæ та исчи нæ фæсивæдæй иу-дыууæ азы Уæрæсейы куы фæвæййы, уæд нал фæзоны иронау дзурын".

"Райгуырæн уæзæг аджын у", зæгъгæ, йæ уыцы уацы Васили фыста: "Адæймаг дуры, цъитийы сæр куы райгуыра, уæддæр ын уыцы дойнаг дур, цъенго-их цъити дæр йæ зæрдæйæн адджын сты, райгуырæн уæзæджы ад фæкæнынц.

Райгуырæн бæстæ, райгуырæн хъæу, райгуырæн къона — уыдонæн аргъ чи нæ кæны, чи сæ нæ хъахъхъæны, уымæн адæймаг рахонæн нæй. Цъиутæ дæр ма сæ ахстæттæ, сырдтæ дæр ма сæ хуыккомтæ, цæсты гагуыйау, куы хъахъхъæнынц. Нæ фыдæлтæ, авгау, æрхауынæй тарстысты сæ райгуырæн уæзæгæн, сæ удтæ дæр-иу радтой йæ сæрвæлтау, сæ кæстæрты рухс фидæныл хъуыды кæнгæйæ".

Васили зæрдæрисгæйæ фыста, нæ хохаг рæбыны хъæутæ кæй федзæрæг сты, æмæ горæты дурастæрдыл кæй æрæмбырд стæм, хъæууон цардæй кæй нал цæрæм, кæнæ йæ нæ сæрмæ кæй нал хæссæм, уый тыххæй.

Æмæ ма бирæ цæуылдæрты рысти Насхъидаты Василийы зæрдæ: фæсивæдæн куыст кæй нæй, адæм пайдайы цæстæй кæй акастысты цардмæ æмæ сæ удты фарн мынæгæй-мынæгдæр кæй кæны: фыста хуымæтæг зæххон адæмы тыххæй сæ цинтæ, сæ ристыл. Йæ рыст та Ирыстонæй дарддæр æнхъæвзта, уымæн æмæ искуы арт куы ссудза, æмæ куыдфæндыйы цæстæй куы кæсай, уæд гæнæн ис æмæ райсом та дæ къæсæрæй æрбахиза судзгæ. Насхъидайы-фыртæн йæ зæрдæ рысти Украинæйы цауты тыххæй. Йæ уац "Мæ рис — Украинæ", зæгъгæ, уым йæ зæрдæ риссы, Богдан Хмельницкийы, Тарас Шевченкойы, Леся Украинкæйы, Ольгæ Кобылянскаяйы хуызæн намысджын адæймæгтæ цы бæстæйы уыд, уым адæмы цард зындон кæй фестад, ууыл. Фæлæ адæм се 'ппæт аххосджын никуы вæййынц, адæмы цард сызмæнтынц иугай æнæфсис, æнæджелбетт адæймæгтæ. Мæнæ цы фыста хуымæтæг зæхкусæг адæймæгты хæлардзинадыл: "Украинæгтæ, æз уæ хъуыды кæнын хæларзæрдæ адæмæй. Иу рæстæджы Львовы облæсты æфсæддон ахуырты рæстæг уыд тынг хъызт. Æфсæддон машинæйы ластам хæцæн æрмæджытæ. Мæныл уыд тæнæг цырыхъхъытæ, иннæтыл та — хъарм нымæт къахыдарæс æмæ хъарм кæрцытæ. Мæ къæхтæ уазалæй æндзыг кæнын байдыдтой, цалынмæ базæмæ хæццæ кодтаиккам, уæдмæ мæ къæхтæ саусыд бакодтаиккой. Фæндагыл фембæлдыстæм иу хъæуы цæрæг Николай Ковальчукыл. Уый бæхуæрдоныл сæхимæ ласта хос. Æз уазалæй куыд ныккука дæн, уый куы федта, уæд, цом, нæхимæ дæхи схъарм кæн, зæгъгæ, фидарæй ныллæууыд. Взводы командир Николай Романенко мын уыцы бар радта, стæй, дам, фæстæмæ æрбаздæхдзынæ, зæгъгæ. Ковальчук мæ сæхимæ æрбаласта.

Сæ хъæмпынсæр хæдзар уыд хъæугæрон, хæдзары бæрз сугтæй æндзæрст пец æддæмæ æндæвта. Йæ бинойнаг Марияимæ мын мæ цырыхъхъытæ раластой. Мæ сыд къæхтæ мын куы федтой, уæд мын тынг фæтæригъæд кодтой. Горилкæйæ сæ байсæрстой æмæ сæ æууæрдын байдыдтой. Фæсмын цъындатæ мыл скодтой, схуыссын мæ кодтой хъарм хуыссæнты æмæ ма мæ кæрцытæй дæр бануæрстой. Райсомæй мæхимæ æрцыдтæн, фæлæ ма мæ къæхтæ рыстысты.

Æртæ боны фæстæ мæм æрбацыд капитан Романенко æмæ мын загъта: "Кæд ма дæ фæнды, уæд лæуу, кæд хæдзары хицау разы у, уæд". Кæй баззадтæн, ууыл тынг цин кодтой лæг æмæ ус, раст, цыма, сæхи хъæбул уыдтæн.

Куыд ис ферохгæнæн уыцы хорздзинадæн. Куыд ис ахæм адæммæ хæцæнгæрзтæ сисæн, стæй сæ куыд ис басæттæн".

Æмæ йæ уацы кæрон: "Æз Хуыцаумæ кувын, цæмæй Украинæйы адæмы бахъахъхъæна. Уадз æмæ æфсымæрон Украинæйы зæххыл уа сабырдзинад".

Гъе ахæм зонд æмæ зæрдæйы конд уыдис Насхъидаты Василийæн.

Йæ чингуытæй иуы цы зонды ныхæстæ ис, уым фыста: "Цард диссаг у! Уый æнæхъæнæй дæр у тох. Уыцы тохы фæуæлахиз вæййы, йæхиуыл чи æууæнды, быхсон чи у, лæгдзинад кæмæ ис, царды æппæт зындзинæдты сæрты ахизын йæ бон кæмæн бавæййы, уый".

Уыцы ныхæстæ хаудтой Насхъидаты Василийæн йæхимæ дæр.

Æмæ мæ куысты телефон абон дæр куы ныдздзæнгæрæг кæны, уæд мæм æвиппайды, цæмæдæр гæсгæ, афтæ фæкæсы, цыма уый Насхъидаты Васили у, æмæ та мæ ныртæккæ фæрсдзæн нæ газеты хабæрттæй æмæ та нæ ныхасы кæрон зæгъдзæн: "Æмæ уæм цæмæй фæкæсон?..."

**АБАЙТЫ Эдуард**

Литературæ
# Хурзæрин
Аивад

Не 'взаг — нæ фидæн

# Иронау куыд дзурæм?

**Фæстаг азты ирон æвзагыл къаддæрæй-къаддæр кæй дзурæм, уæлдайдæр та рæзгæ фæлтæр, уый абон дæр æмæ райсом дæр махæн у нæ риссагдæр фарста æмæ нæ сагъæсты рахæцæн. Нæ алыварс цæрæг бирæ адæмыхæттытæ ныл худæгæй сæхи схастой, не 'взагыл дзурын нæ сæрмæ кæй нæ хæссæм, уый тыххæй. Куыд зонæм, афтæмæй цигантæ æвзæр нæ дзурынц уырыссагау, фæлæ уæ искуы исчи федта дыууæ цигайнаджы, фæнды нæлгоймæгтæ уой, фæнды — сылгоймæгтæ, кæрæдзиимæ ацы æвзагыл дзургæ? Нæ федта, стæй уынгæ æмæ хъусгæ дæр нæ фæкæндзыстæм. Уæдæ мах нæ рæсугъд мадæлон æвзагыл былысчъилтæ кæдмæ кæндзыстæм, цæмæн æй авæрдтам, зæронд цъылынау, фæсдуар, æдæрсгæ йыл цæуылнæ дзурæм, нæ фыдæлтæ нын æй стыр хæзнайæн куы ныууагътой, уæд?**

Ай-гъай, не 'взаджы æбæрæг хъысмæты тæккæ тыхстагдæр фарстатæ сты алывæрсыг, иу кæнæ дыууæ ныхасæй сын дзуапп нæ ратдзынæ. Ирон æвзагыл кæй нал æрвæссæм, уый сæйраг аххос та, куыд зонæм, афтæмæй у кæцыдæр бинонтæн, уæлдайдæр дзæуджыхъæуккæгтæн **ирон æвзаг хæдзарон** æвзаг кæй нæу, уый. Уæдæ ацы хъуыддаыджы азым æрхæссæн ис Беслæны цæрджытæм дæр, сæ горæты ахуырст кæй ссыд æмæ Беслæн уырыссагæвзагон горæтæй кæй агæпп ласта, уыдæтты тыххæй.

Нæ фыдæлтæ нын цы алæмæты диссаджы аргъæуттæ, Нарты кадджытæ, æмбисæндтæ, уыци-уыцитæ æмæ таурæгътæ ныууагътой, уый рох кæнын фыдракæнд у. Уымæ гæсгæ нæ ныртæккæ зæрдиагæй бавналын хъæуы не 'взаджы хъысмæт рæстмæ алыг кæнынмæ. Хъуамæ ирон зæлланггæнаг ныхас хъуыса канд нæ хæххон æмæ быдырон хъæуты нæ, фæлæ ма Дзæуджыхъæуы уынгты дæр, стæй Беслæны алы ирон хæдзары дæр, æмæ уый тыххæй ирон фыд æмæ мадæй чи райгуырд, уыцы сывæллæтты мадæлон æвзагыл хъæуы ахуыр кæнын. Хъуамæ йыл дзургæ дæр кæной æмæ йæ уарзой. Æнæ уыдæттæй æвзагæн цæрæн нæй, æмæ йæ уавæрыл батыхсæм.

Хъыгагæн, нæ кæстæртæн мах сæ мадæлон ирон æвзаг адавтам. Нæ йыл дзурынц, суанг куы байрæзынц, уæд дæр. Уымæн æмæ ныййарджытæ æмбæлгæ хуызы нæ бацархайынц, цæмæй сæ сывæллæттæ иронау дзурын базоной, стæй сын се 'взаг дæр нæ бауарзын кæнынц, æмæ хъуамæ афтæ ма уа. Кæстæрты хъомылады хистæр фæлтæрты сылгоймæгтæм цы æнахуыр диссаджы зæрдæргъæвддзинад уыдис, уый тыххæй та æнæзæгъгæ нæй.

Афтæ уыд, æмæ-иу уыдон æнæдæндаг сывæллонмæ суанг йæ райгуырдæй фæстæмæ дзурын райдыдтой сывæллæтты æвзагæй: **гуцца** раздæр æмæ нып дæр у **худ, цаца — дзаума, гага — адджинаг, дудутт — машинæ, дзыкки — цыхт, гуыппа — æхсыр, дай-дай искæдæм цæуын, акки — айк** æмæ афтæ дарддæр. Уымæ гæсгæ-иу дзидзидай сывæллæттæ уайтæккæ дæр ацы дзырдтæ базыдтой, фæстæдæр та-иу æнцондæрæй фæцалх сты мадæлон æвзагыл дзурыныл.

Ныр дæр æрыгон мадæлтæ сывæллæтты æвзагæй æнæпайдагæнгæ не сты кæстæрты хъомылады. Фæлæ абон уавæр афтæ у, æмæ уыдонæй бирæтæ, сывæллæтты æвзаг нæм кæй ис, уый тыххæй кæй ницы зонынц, уымæй уæлдай иронау æмбаргæ дæр нæ кæнынц. Ахæм заман бабатæ æмæ нанаты æххуыс бæргæ фæхъæуы, къухты та фылдæр хатт не 'фты, сæхæдæг дæр фæкæсынхъуаг кæй вæййынц, кæнæ та сæ æндæр аххосæгтæ дæр кæй фæхъыгдарынц, уыдæтты азарæй. Зæгъæм, бæлвырд аххосæгты азарæй сын иронау дзурæн нæ вæййы сæ цоты-цотмæ æмæ æрхæсдзынæн иу ахæм цау.

Цæвиттон, иурæстæджы Алагирæй автобусы сцæйцыдтæн Дзæуджыхъæумæ. Мæ ныхмæ раззаг бадæныл бадт ацæргæ ирон сылгоймаг. Фæндагыл уырыссагау æнæрынцойæ дзырдта, кæимæ цыд, уыцы 5-6-аздзыд лæппуимæ, æвæццæгæн, йæ хъæбулы хъæбул уыд. Мæнмæ уый хорз нæ фæкаст æмæ, Джызæлмæ куы фæцæйхæццæ кодтам, уæд мæ æнæнхъæлæджы сирвæзт: "Бахатыр кæн, хорз ус, фæлæ ацы лæппу иронау кæд базондзæн?" Уый мæ бамбæрста æмæ мын дзуапп радта: мæнæ, дам, скъоламæ цæуын куы райдайа, уæд.

Сылгоймаджы дзуапп раст уыд æви нæ, уымæн æз тæрхонгæнæг нæ дæн, фæлæ ма нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм Абайты Васойы ныхæстæ: **"... сабитæ сæ мадæлты æхсыримæ сæ мадæлон æвзаг куы нæ райсой æмæ йыл æдæрсгæ куы нæ дзурой, уæд æвзаг банымайæн ис сæфтыл. Æвзаг амæлы, бинонты 'хсæн ын йæ уидæгтæ куы алыгчындæуы, уæд".** Мах та, сывæллон йæ мадæлон æвзаг цæмæй базона, уый тыххæй æнхъæлмæ фæкæсæм скъоламæ, афтæмæй уый, фыццаджыдæр, у ныййарджыты хæс, æмæ ацы уæззау уаргъ æрмæст ирон æвзаджы ахуыргæнджыты æккой ма æвæрæм, уыдонмæ цы архайд хауы, уый та сын æнæкæнгæ цы ис?

**Æз ма хорз хъуыды кæнын, раздæр азты хистæр фæлтæры минæвæрттæ куыд аив æмæ нывæфтыд æвзагæй дзырдтой иронау, уый. Ныр та уыцы æхсызгондзинад нæ банкъардзынæ, суанг кардзыд адæмы ныхасмæ хъусгæйæ дæр. Уымæн æмæ нæ кæсынц газет "Рæстдзинад", журнал "Мах дуг", ирон аивадон литературæ æмæ се 'взаджы хъæд у мæгуыр. Цы дзурынц, уый та фылдæр хатт вæййы рæдыдтимæ.**

Зæгъæм, æрыгон мадæлтæ арæх, сæ сывæллæттимæ ныхасгæнгæйæ, уырыссаг æвзагæй тæлмацгондæй фæзæгъынц **"дæ худ ралас" — "дæ худ сис"**-ы бæсты. Иннæ ахæм сын уайдзæф фæкæнынц: "... **бедра донæй цъупдзаг цы бакодтай?"** Уæд куыд ис уый гæнæн, йæ былтæй нæ акæлдзæн? Бедра цъупдзаг бакæнæн ис æрмæстдæр фæткъуытæй, кæрдотæй, картæфтæй, æндæртæй дæр, æмæ уыдæттæ зонын хъæуы. Дзырд **"цъупп"**-ы тыххæй ма мæ хъустыл æрцыд æндæр ныхас дæр: **"... мæ сывæллонимæ математикæйы чиныг йæ цъуппæй ахуыр кæнын райдыдтам".**



Растдæр уыдаид йæ райдайæнæй кæнæ йæ сæрæй зæгъын. Фæлæ абон кæд бирæтæ иронау дзурынц, уæддæр мадæлон æвзаджы ад не 'нкъарынц бæлвырд аххосæгтæм гæсгæ, æмæ цы рæдыдтытæ фæкæнынц, уый нæ фæзонынц.

Не 'взагыл æндæр æвзаджы æндæвдад тых кæй кæны, уый тыххæй нæ ныхасы хъæд фæцудыдта, кæстæртæй бирæтæ нæ дзурынц мыр "æ", æмæ уый та фылдæр ирон дзырдты цалдæр хатты дæр ма æмбæлы. Йæ бæсты дзурын райдыдтам мыр **"а": "уахима", "хадзар", "хъабар"** æмæ æндæртæ. Уымæй уæлдай арæх рæдийæм, номдартæй бирæон нымæц аразгæйæ дæр. Кæцыфæнды дзырдмæ дæр афтауæм кæрон "тæ" æмæ дын уый бирæон нымæц. Ферох нæ вæййы, алы дзырд дæр иууон нымæцæй бирæон нымæцмæ куы рахизы, уæд йæ бындуры ивддзинæдтæ кæй æрцæуы, уый. Зæгъæм, куыдз нын бирæон нымæцы свæййы "куыдзтæ" куыйты бæсты, обау — "обаутæ", растдæр у обæуттæ, къуыбылой — "къуыбылойтæ" фæхонæм къуыбылæйтты бæсты, картоф нын "картофтæ" вæййынц, дзурын та картæфтæ хъæуы.

Ацы хуызы рæдыдтытæ æмæ æндæртæ дæр арæх æмбæлынц, ирон æвзагыл нæ республикæйы цы мыхуырон оргæнтæ цæуы, уыдоны дæр æмæ уый абон махæн у тынг хъуыдыйаг. Уымæн æмæ сæ чи кæсы, уыдон æууæндынц мыхуыргонд дзырдтыл, суанг сæ растфыссынадыл дæр æмæ сын фæстæдæр ахæм рæдыдтытæ сæхицæн æнæруадзгæ цы ис. Газеттæ æмæ журналты арæх бакæсæн вæййы: "æлбалæбурдтой" — æрбалæбурдтойы бæсты, "фæстæ" нæ фæлæууыд, фæстейы нæ фæлæууыды бæсты, "сæрибар" рæстæг — уæгъд рæстæджы бæсты, "æмбæлон" аргъ скæнын æмбæлгæ аргъ скæныны бæсты, "хæлцадон" продуктты уæлдæйттæ — хæринæгты уæлдæйтты бæсты, æмæ бирæ æндæр, ирон æвзаджы арвистон чи кæны, ахæм хæмпæлгæрдæг дзырдтæ, дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ.

Иу фиппаинаг та ахæм ис, æмæ хæццæ кæнæм кæцыдæр дзырдты нысаниуæг. Зæгъæм, уæлтъыфал (верхнее веко) æмæ тъыфыл (небольшая охапка). Хатгай газетты бакæсæн вæййы: низы ахасты фæци — низы ахæсты бæсты, йæ мады æнгас у — йæ мады æнгæсы бæсты, ривæды бæсты та фыст æрцæуы ривад, æмæ, кæд ирон æвзагыл чи фыссы, уыдонæй исчи ацы дзырдты нысаниуæг кæрæдзийæ нæ хицæн кæны, уæд нæ хæс у уымæн бацамонын, ривæд фос фæкæнынц сихорафон сæрдыгон æнтæф рæстæджы, ривад та куырой фæвæййы, йæ къутуйы хор куы нал баззайы, уæд. Хъуамæ чи цы фыссы, ууыл хъуыды дæр кæна. Уæд нæм "фосæн хæринаг радта", "ацы азы бæрæгбоны кæндтæ уыдысты аккаг", зæгъгæ, ахæм хъуыдыйæдтæ нæ уыдзæн нæ газетты фæрстыл, стæй зондзыстæм, фæндаджы сæрты ацæуæн кæй нæй, фæлæ иннæрдæм ахизæн кæй ис фæндагыл. Цымæ куыд бамбарæн ис газетæй ист мæнæ ацы хъуыдыйæдтæ: "Изæры хæрд пайда нæу", "мексикæйаг ахуыргæндтæ дзурынц иртасæнтæ".

Иронау дзургæйæ, раст пайда кæнын нæ зонæм, фæсæфтуан "дзау" кæм ис, ахæм дзырдтæй дæр. Зонын та хъæуы: "дзау" æфтыд кæй цæуы, фæллойимæ баст цы дзырдтæ ис, уыдонмæ. Зæгъæм, хъæддзау, хосдзау, куыройдзау, дондзау. Фæлæ арæх, уæлдайдæр бæрæгбæтты рæстæг фехъусæн вæййы ахæм дзырдтæ: "куывддзау" кæнæ "куывддзаутæ" æмæ уый раст нæу. Дзурын æмæ фыссын дæр хъæуы "куывддон", зæгъæм, "куывддон адæм". Уæдæ газетты дзырд "мæрддзыгойы" бæсты "мæрддзыго" фыст æрцæуы, æмæ ахæм, стæй æндæр æнæрхъуыды рæдыдтытæ уадзæн нæй.

Ай-гъай, ирон æвзаджы сыгъдæгдзинад бахъахъхъæнын æмæ нæ ныхасы културæ фæбæрзонддæр кæныны ахсджиаг хæс мыхуыры кусджытæй уæлдай æвæрд цæуы, телерадиокомпани "Алани" æмæ телекомпани "Осетия-Ирыстон"-ы ирон æвзагыл телеравдыстытæ чи цæттæ кæны, уыдоныл дæр. Фæлæ мах нæ дзурдзыстæм, дыууæ телеуынынады дæр, фæстаг хабæрттæ хъусын кæнгæйæ, телевизорты экрантыл цы згъоргæ рæнхъытæ вæййы, уыдоны цас рæдыдтытæ ацæуы æмæ скъоладзау фæсивæдæн цы зиан хæссынц, уыдæттыл. Æнæзæгъгæ та нæй ирон телеравдыстыты хицæн фиппаинæгты тыххæй.

Раздæр азты телерадиокомпани "Алани"-йы дæргъвæтин рæстæг цыд телеравдыст "Фарны хабæрттæ". Куы-иу фæцис, уæд-иу æрыгон чызгамонæг телевизортæм кæсджытæн загъта: "Арфæгонд ут, зæрдæрухсæй, амондджынæй фæцæрут".

Ацы арфæтæ бæргæ хорз сты. Фæлæ, фыццаджыдæр, арфæгонд ут, зæгъгæ, ирон сылгоймæгтæ ацы арфæ раздæр нæ кодтой, ныр дæр сын уый не 'мбæлы. Арфæгонд у, зæгъгæ, ахæм арфæ фехъусæн уыд æрмæстдæр кардзыд нæлгоймæгтæй. Дыккагæй та, уыцы арфæ дзуаппон ныхас у, чи дын раарфæ кодта, уымæн. "Зæгъæм: "Дæ райсом хорз, Хъылцыхъо!" æмæ йын уый дæр дзуапп радта: "Арфæгонд у, Бæтæхъо!"

Фæлæ афтæ дæр уыд, æмæ раздæр "арфæгонд у", зæгъгæ, чи дзырдта. Уымæн та-иу уæд арфæ кæмæн кодта, уый худæнбылæй дзуапп радта: **"Æз та ма дын цы зæгъон?"** Уæдæ телевизормæ кæсджытæ "Алани"-йы амонæгæн куы нæ арфæ кодтой, уæд сын уый цымæ телеравдысты кæрон æдзухдæр цæмæн дзырдта арфæгонд ут, зæгъгæ.

Хицæн фиппаинаг нæм ис телекомпани "Осетия-Ирыстон"-ы тыххæй дæр. Рæстæгæй-рæстæгмæ ам цы телеравдыст цæуы "Зæгъ æй", уый телевизормæ кæсджытæн æххуыс кæны ирон стæм дзырдтæ базонынæн, стæй сын амоны, амад нымæцонтæ æмæ æндæртæ мадæлон æвзагыл куыд зæгъæн ис, уый æмæ йын чысыл ахадындзинад нæй кæстæрты хъомылады.

Иу ахæм радон телеравдысты фæлварæн та уыд, уырыссаг дзырд "укроп" иронау цы хуыйны, уый базонын. Фæлварæнтæ чи лæвæрдта, уыцы æрыгон лæппу æмæ чызг кæй ныссуйтæ сты, ууыл худтысты æмæ худтысты. Æрæджиау æй телеравдыст амонæджы æххуысæй базыдтой æмæ, дам, "укроп" у "хъонтхъора" (?) Уæдæй фæстæмæ тæрхонгæнæг, амонæг æмæ фæлварæнтæ чи лæвæрдта, уыцы лæппу æмæ чызг хъонтхъора, хъонтхъора бирæ фæкодтой.

Мæнмæ диссаг фæкаст, не 'рвылбоны царды нæ чи бахъæуы, уыцы зайæгойы ном раст кæй ничи бацамыдта, уый. Уæлдайдæр телеравдысты архайæг цыппар адæймагæй дыууæйæ сты ирон æвзаджы специалисттæ. Куыд зонæм, афтæмæй дзырд "укроп" Уырыссаг-ирон дзырдуаты æмæ Ирон-уырыссаг дзырдуаты, орфографион дзырдуаты дæр фыст у "хъонтхора", уæд телеравдысты автортæ "хъонтхъора" кæцæй æрхастой, уый нæ бамбæрстон.

Ныртæккæ не 'взаджы уавæр афтæ æдзæллаг у, æмæ ирон аив ныхас, æвæццæгæн, Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры сценæйæ дæр нал фехъусдзынæ, актерты фылдæр хай æбæрæг ныхасыздæхтæй кæй дзурынц, уый тыххæй. Фæлæ ацы фарста сæрмагонд ныхасы аккаг у æмæ йæ фæстæдæрмæ фæуадзæм. Ныр та нæ зæгъын фæнды, нæ аивады кусджытæ, концерттæ дæтгæйæ, цы рæдыдтытæ кæнынц, уыдоны фæдыл. Зæгъæм, зындгонд фæндырдзæгъдæг æмæ зарæггæнæг йæ иу концерты мæнæ куыд загъта: "Елхоты денджызы мæ "тъулупп" (?) фæцæудзæн". Цымæ уый цавæр "тъулуппы" кой кæны? Кæд, мыййаг, "тъыллупп" зæгъинаг уыд æмæ йæ уæд афтæ загътаид. Фæлæ мах нæ мадæлон æвзаг фаг нæ зонæм, стæй йæ ахуыр дæр нæ кæнæм, кæд, сфæлдыстадон кусджытæй кæцыдæртæ ууыл цæрæн фæрæзтæ амал кæнынц, уæддæр. Фæлæ ам нæ ныхас нæ фæуд кæнæм.

Нæ зарæггæнджытæй бирæтæ сæ репертуармæ бахастой Чеджемты Æхсары зарæг "Уалдзыгон райсом" æмæ уый у раппæлинаг хъуыддаг. Уымæн æмæ адæмы зæрдæмæ цæуы, уæлдайдæр мойгæнæг чызджыты. Фæлæ зарæггæнджытæ æппæтæйдæр рæдийынц, автормæ куыд у, афтæ йæ кæй нæ зарынц, уымæй. Зæгъæм, алы хатт дæр фехъусæн вæййы: "Гъей, хæдзар ракæс, бакæн дæ дуæрттæ, фервитын абон мæ минæвæрттæ". Минæвæрттæ нæ фервиты, фæлæ минæвæртты (кæй фервиты — минæвæртты, гуырынон хауæн). Фæлæ нæ бирæ зарæггæнджытæ, грамматикæйы домæнтæ кæй халынц, уый сæ фæсонæрхæджы дæр нæй.

Ахæм æмæ æндæр рæдыдтытæ нæ зарæггæнджытæ цас кæнынц, уыдон, æвæццæгæн, сæрыхъуынтæй фылдæр сты, сæ кой та ничи кæны, стæй нæ тыхсæм мадæлон æвзаджы сыгъдæгдзинадыл æмæ ныхасы културæ бæрзонддæр сисыныл. Уымæ гæсгæ бавналын хъæуы не 'взаджы рæзтмæ аккаг æвæрæн бахæссыныл.

**ТОХСЫРТЫ Къоста,**
**РЦИ-Аланийы културæйы сгуыхт кусæг**

Поэзийы уылæнтæ



**Нинæ ЯГОДИНЦЕВА**

* * *

***Куы нал фæраза карз хъынцъымæн***
***Дæ зæрдæ, уæд,***
***Дæуæн Уæрæсейыл хæтынæн —***
***Æрфæныфæд.***

***Тымыгъ йæ фæндагыл æндзæвы,***
***Йæ хуыз — фæлурс.***
***Æрсæрф тымыгъ æмæ дæрддзæфы***
***Ыссудздзæн рухс.***

***Фæкæс æм бонцъæхтæм: цырæгътæй***
***У дзаг тыгъдад.***
***Цыма фыстæджыты ныхæстæй***
***Мæйдары калд.***

***Æвзаджы хъæд уæздан, æнæзнæт,***
***Дзырдтæ та — арт.***

***Дæ сусæг балцæй ныр дæ фæд-фæд,***
***Зындзынæ тагъд.***

***Рæмудзын дымгæйы зынг тары***
***Дæуæн дæ хæс.***
***Фæлæ быдырты сæрмæ зары***
***Мынæг хъæлæс.***

***Кæны æлдариуæг йæ зæлтæй***
***Нæ зæрдæтæн.***
***Къуыбыртæ 'нæсæтгæ уылæнтæй***
***Ызгъорынц нæм.***

***Æндзыг кæны мæ риу йæ барджын***
***Хъæлæсæй уæд.***
***Æмæ нын иунæг фæндаг адджын —***
***Æрфæныфæд.***

* * *

*Æцæг цард нæ фестдзæни аргъау,*
*Нæ йæ ивы куывд стæй фæсмон.*
*Гъе ацы æхсæвыгон арвау*
*Бæлвырд æмæ карз у нæ сом.*

*У афтæ, фæлæ та ныфс дарæм,*
*Цыма та нын ног цард уыдзæн.*

*Æмæ та Фыдыбæстыл, тары,*
*Ыстъалыйы дард рухс кæлдзæн.*

*Æмæ та цъæх бæх æмæ дзоныгъ,*
*Стæй кæрцæн йæ митæйдзаг тæф,*
*Æмæ та фæллад зæрдæ тоны,*
*Цыма у æнусон йæ цæф.*

* * *

***Не 'стæм мард, стæй нæ хъару нæ фæцис,***
***Фæлæ ахæс уæларвыл дæ цæст.***
***Уым, цъæх фæлмы сырхбын амариллис***
***Калы дидинæг, артæй æфсæст.***

***Раст æхсæвыгон талынджы саумæ***
***Мила — арвы æгæрон тыгъдад.***
***Сусæг горæты, сонт фæндты дуармæ,***
***Хид стæй хæдзæрттыл бандзæрста арт.***

***Мах нæ хъусæм, цы дзурынц, цы кусынц,***
***Зæххæй арвмæ куыд сыстади хъæр.***
***Уым æнæпайда чингуытæ судзынц,***
***Сауфыст уацмыстыл — арты цæхæр.***

* * *

*Æрхау, æхсæвыгон æртæх,*
*Æртæх æхсæвыгон.*
*Ныббар мын алцы, æмæ зæгъ:*
*Кæй дæ æнæвæсмон.*

*Куыд хауынц аххосджынты раз,*
*Æрхау, сæрныллæгæй.*
*Дæ уацары фæччитæ райс*
*Хæрзад цъæх кæрдæгæй.*

*Нæдæр нæмыгæй хау æваст,*
*Нæдæр та — ахстонæй,*
*Куыд хауы нæуарзонмæ уарзт,*
*Æрхау ды афтæмæй.*

*Кæрдæг 'мæ дидинтыл æртæх*
*Уымæлæй арвы 'ртæх.*
*Æмæ уæд бамбардзæнис зæхх:*
*"Куыдтай та ацы 'хсæв..."*

* * *

***Уæдæ баззай мæтæйдзаг хъысмæты***
***Уды сусæг цæстырухсæй ныр.***
***Раст сиренау тыгъд аргъуаны кæрты,***
***Рухс мынæгæй кæм кæны зыр-зыр.***

***Æмæ 'мбисæхсæв, аргъуаны дуармæ,***
***Уыцы рухсæн кæм зыны йæ фæд,***
***Мастæй дзаг удæй кувгæ Хуыцаумæ,***
***Æз æрхаудзынæн зонгуытыл уæд.***

***Уæдæ а зæххыл чи вæййы цухгонд***
***Сонт тæргæйттæй, æнахуыр фæндтæй?***

***Мæ кæй зæрдæ нæ фæвæййы мургонд***
***Сау фæныкмæ кæсгæйæ ыстæй?***

***Чи нæ фæкæны уымæн лæгъстæтæ:***
***Ссудз фæстæмæ мæ зæрдæйы арт.***
***Уадз, фæсура йæ ирд зынг мæ зынтæ,***
***Æмæ райгас уа уарзты рæстад...***

***Уæдæ баззай мысинагæй майы,***
***Баззай зæрдæйы ивгъуыдæй ныр***
***Рухс фæлмæнæй кæм тайы, 'мæ тайы,***
***Мæ кæм кæны мынæгæй зыр-зыр...***

* * *

*Баргъæвст мæ зæрдæ, мæ фæндаг ныддаргъ.*
*Цард у зæрватыччы рог сисæй рогдæр.*
*Рахаста чидæр мæ размæ уæнгрогæй*
*Ацы зымæгон хъызт мæйы цырагъ.*

*Хъахъхъæнгæ уазал тымыгъæй йæ зынг,*
*Тауынц уылæнтæй йæ алварс хъуымæцтæ.*
*Зилынц сындæггай йæ сæрмæ, йæ фæстæ.*
*Уадзынц йæ фæдыл ыстъалыты рыг.*

*Æмæ кæнынц ын хъæбыстæ æдзух,*
*Æмæ æнæзынгæ урс фæд æмбæрзынц.*
*Тары сæ хъæбысы хъавгæйæ 'мбæхсынц*
*Уыцы мынæг рухс, æхсæвыгон рухс.*

* * *

***Сырх цъуйæн йæ саби, дзыгъуыр æмæ хъазаг,***
***Йæ къалиутыл — рог дымгæйы зыр-зыр.***
***Æслæууыд йæ къахфындзтыл саст науы разы***
***Цæугæдоны был.***

***Йæ къахфындзтыл, ивазы къубал дардмæ,***
***Æмыр мæ цымыдисæй ныдджих***
***Сындæг доны калдмæ, мæнæргъыты зардмæ,***
***Куыд айтыгъд цъæх мигъ.***

***Ызгъорынц сывæллонгæстæ, тæрсынц йын.***
***Æссардтой йæ. Уайдзæфтæ йын кæнынц.***
***Йæ туаг рустæн батæгæнгæ фæрсынц æй:***
***Фæстæмæ цæуыс?***

***Сывæллонæн не 'мбæлы доны был хъазын,***
***Йæ ивгъуыды сусæггаг уым ис, хæстæг.***
***Чысыл саби семæ æппындæр нæу разы,***
***Æмбары, куыд ивгъуыйы царды рæстæг.***

***БАСИТЫ Зæлинæйы тæлмацтæ***



**Фарс бацæттæ кодта**
**ХОЗИТЫ Барис**

Спортивон фидиуæг



Футбол

# Номарæн турнир

**Мæздæджы футболæй уыд Советон Цæдисы Хъæбатыр Никитæ Дроновы номарæн фæсивæдон турнир.**

Уæлахизы парчы стадионы æрæмбырд сты аст командæйы. Ацы командæтæй иутæ хъахъхъæдтой сæ ахуыргæнæндæтты кад, иннæ командæтæ та арæзт æрцыдысты цæрæнбынæттæм гæсгæ. Никитæ Дроновы хиуæттæ ерыстæ байгом кодтой.

Байзæддæгты — Заковоротныйтæ, Федоровтæ, Дроновтæ æмæ Доколенкоты бинонты архайды фæрцы турнир рæстæгæй-рæстæгмæ саразынц.

— Ацы турнир нымайын нæ мыггаджы арфæйаг бæрæгбоныл. Ацы парчы ис нæ дадайы бюст. Ерысты фæрцы фæсивæд сæ рагфыдæлты кад хъахъхъæнынц. Футболон турнирæй райгонд стæм, — зæгъы Еленæ Заковоротная.

Троицкæйы хъæуæй рацæуæг Никитæ Дронов Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман ахста 8-æм гвардион æфсады 170-æм гвардион фистæгæфсæддон полчъы командиры бынат. Цæугæдон Вислæйы сæрты хизыны рæстæг æхсар равдисыны, стæй фашистты ныхмæ хæцæг æфсæддонтæн дæсны разамынд дæттыны тыххæй дæлбулкъон Дроновæн саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры кадджын ном. Турнир ацыд зылды системæмæ гæсгæ. Тæвд боныхъæд нæ нымайгæйæ, фæсивæд уæлахизмæ тырныдтой. Ерысты фæуæлахиз командæ "Колосок", Мæздæг æмæ Хъызлары командæтæ та бацахстой дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ. Раззаг бынæттæ бацахсæг лæппутæн радтой кубоктæ, майдантæ æмæ сæрмагонд призтæ.



**Нæ уацхæссæг**

# Ирыстоны Кубок рамбылдта "Киммери"

**31 июлы Футболон скъола "Æвзонгад"-ы стадионы сбæрæг 2022 азы Ирыстоны Кубок рамбулæг командæ.**

Афæдзы дæргъы Кубок рамбулынил цы командæтæ ерыс кодтой, уыдонæй кæронбæттæнмæ рацыдысты амæй размæ Ирыстоны Кубок фондз хатты рамбулæг "Ирыстоны уарт" æмæ "Киммери".

Кæронбæттæны фембæлд рауад тынг зæрдæмæдзæугæ. Кæд æнтæф бон уыдис, уæддæр дыууæ командæйы хъазджытæ райдианæй кæронмæ равдыстой уæлахизмæ тырнынад. Сæ архайд уыд рæвдз æмæ æрхъуыдыджын.

Хъазты фыццаг æмбисы "Киммери"-йы хъазджытæ сарæзтой фылдæр ныббырстытæ, æмæ сын 11-æм минутыл бантыст хыгъд байгом кæнын. Йе 'мбæлтты сарæзт ныббырстытæн кæронбæттæн скодта **Махъоты Олег,** æмæ "Киммери" размæ рацыд 1:0. Ноджыдæр ма 11-минуты фæстæ, "Киммери"-йы размæбырсæг **Джериаты Алан** иттæг цырд хъазт акæнгæйæ, фæсайдта "Ирыстоны уарт"-ы хъахъхъæнджыты æмæ сын сæ дуары бакъуырдта дыккаг пурти. Хыгъд 22-æм минутыл ссис 2:0 "Киммери"-йы пайдайæн.

Ахæм уавæры "Ирыстоны уарт"-ы хъазджытæн сæ ныфс нæ асаст, æмæ сæ архайд зынгæ фæрæвдздæр кодтой. Фыццаг тайм йæ кæронмæ куы фæцæйхæццæ кодта, уæд сын бантыст иу дзуаппон гол бакъуырын "Киммери"-йы дуары, æмæ хъазты фыццаг æмбис ахицæн 2:1 хыгъдæй. Улæфты фæстæ та, иу ныббырст иннæйы ивгæйæ, дыууæ командæйы дæр тырныдтой хъазты рохтæн хицау уæвынмæ. Ахæм уавæры "Ирыстоны уарт"-ы цалдæр хатты зын уавæрты аирвæзын кодта сæ дуаргæс **Персаты Алан**, сæ размæбырсæг **Бæззаты Марик** та хъазты 58-æм минутыл хыгъд 2:2 скодта.

Фембæлды кæронмæ ма, цы 32 минуты баззад, уыдоны дыууæ командæйы дæр хъазуатон тох кодтой фæуæлахиз уæвынмæ, фæлæ сæ иуæн дæр пурти дуары хызы сæмбæлын кæнын нал бакуымдта. Хъазт ахицæн 2:2 хыгъдæй, æмæ Кубок рамбулæг командæ бæрæггонд æрцыд 11-метрон цæфты 'руаджы.

Ацы фæлварæны спортивон амонд фæцис "Киммери"-йы фарс. Уыдон рамбылдтой 4:2 хыгъдæй. Кубок æмæ хæрзиуджытæ фæуæлахизуæвæг командæ æмæ ерысты хуыздæр хъазджытыл сæмбæлын кодтой: Цæгат Ирыстоны футболы федерацийы президент **Зозырты Игор**, нæ республикæйы зындгонд футболы ветерантæ **Александр Яновский**, **Цакъоты Игор** æмæ **Валерий Горохов.**

Ерысты сæйраг хæрзиуæг, къухæй-къухмæ цæуæг Кубок æмæ сыгъзæрин майдантæ лæвæрд æрцыдысты футболон командæ "Киммери"-йы тренер **Дзулаты Игор** æмæ командæйы хъазджытæн. Зæрдылдарыны Кубок æмæ æвзист майдантæй хорзæхджынгонд систы "Ирыстоны уарт"-ы хъазджытæ æмæ тренер.

Сæрмагонд лæвæрттæй хорзæхджынгонд систы: "Киммери"-йы дуаргæс **Хуыбецты Давид** — "Ерысты хуыздæр хъазæг" æмæ "Ирыстоны уарт"-ы æрдæгхъахъхъæнæг **Музаты Арсен** — "Фембæлды хуыздæр хъазæг".

Футболон командæ "Киммери"-йы тренер Дзулаты Игор загъта: "Нæ командæйы хъазынц футболон скъола "Æвзонгад"-ы раздæры хъомылгæнинæгтæ. Нæ командæйы уыдонæн сæхиуыл кусынæн арæзт цæуынц фадæттæ, æмæ сæ бирæтæ фæстæдæр профессион клубтæм дæр ацæуынц. Нæ командæйыл хæрзаудæн кæны **Бедойты Виктор**. Абон нæ къухы кæд исты бафтыд, уæд уый у Викторы æххуысы фæрцы, æмæ дзы мах стæм стыр бузныг".

Командæйы сæргълæууæг **Берозты Артур** ма Дзулаты Игоры ныхæстæм бафтыдта: "Бедойты Викторы æххуысæй нын бантыст нæ командæйы куыст æмбæлгæ уавæрты кæнын. Ныридæгæн нæ ссæдз лæппуйæ фылдæр ацыдысты фыццаг æмæ дыккаг къордты профессион клубтæм. Мах нæ куысты футболон скъолайы рауагъдонтæн сæхиуыл дарддæр кусынæн, уавæртæ аразæм. Уый у тынг хъæугæ хъуыддаг æмæ, уыцы фарстайы кусæнуат "Киммери"-йы директор Бедойты Виктор ахæм æмбарындзинад кæй равдыста, уымæн аргъ нæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, абон нæ хъомылгæнинæгтæ Ирыстоны Кубок кæй рамбылдтой, уый та у уæлдай æхсызгондæр. Дарддæр дæр архайдзыстæм нæ фæсивæды ног сгуыхтдзинæдтæм разæнгард кæныныл".

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Аивад

## Кæронбæттæн концерт

**Æппæтуæрæсеон æмæ дунеон конкурсты солисттæ-лауреаттæ кæм архайдтой, Бетъырбухы Мариинаг театры дзæуджыхъæуккаг филиалы сценæйыл равдыстой симфонион оркестры ахæм концерт.**

Филиалы историйы ахсджиагдæр цауты кадæн кæй бацæттæ кодтой, фæндзæм сезон сæхгæныны агъоммæ аивадуарзджытæ ахæм равдыст-экспозициимæ базонгæ сты.

Мариинаг театры арфæйæ дæсныдæр цæгъдæг **Софья Кипрская** сезон сæхгæдта.

Мæйы дæргъы чи ахæсдзæн, уыцы фæлладуагъды фæстæ музыканттæ æрбаздæхдзысты театрмæ аивадуарзджытæн сæ уарзон музыкæ хъусын кæнынмæ.

**Нæ уацхæссæг**

Æнæниздзинад

## Зæрдæйы "хæлар" — авокадо



**Зындгонд куыд у, афтæмæй адæймаджы зæрдæйы æнæниздзинадыл ахадынц бирæ алыхуызон æууæлтæ. Фыццаджыдæр, адæймаджы æмхиц æнæнис цардыуагмæ.**

Дохтырты амынддзинадмæ гæсгæ, зæрдæйы фидардзинадæн ахъаз сты халсартæ æмæ дыргътæ, хоры продукттæ, стæй, сой бирæ кæм нæй, ахæм дзидза æмæ кæсаг.

Фæлæ, бæрæг куыд у, афтæмæй халсартæ æмæ дыргътæй дæр иуæй-иутæ уæлдай пайда сты зæрдæйæн. Кардиолог Сюзаннæ Стейнбаун куыд зæгъы, афтæмæй зæрдæйы æнæниздзинадыл уæлдай тынгдæр ахады авокадо. Йæ ныхасмæ гæсгæ, ацы дыргъ хæрæн ис алы бон дæр.

Авокадойы бирæ ис магний, калий æмæ æндæр пайдайаг буаргъæдтæ æмæ витаминтæ. Уыцы дыргъ адæймаджы буар асыгъдæг кæны "æвзæр" холестеринæй, хорзæрдæм зыны дадзинты уавæрыл дæр.

**("ТАСС")**

Удварн

## Алы адæмты æмбисæндтæ

Уарзт æмæ хæлардзинад амонд хæссынц (белорусаг).

***

Хур уæлдæф хъарм кæны, хæлардзинад та – зæрдæ (ирон).

***

Хъайтар амæлы, йæ кад та тох кæны (удмуртаг).

***

Бирæ зонаг мин фыдбылызæй хызт у (хъазахаг).

***

Дыууæ къухы иуæй тыхджындæр сты (сомихаг).

***

Дзырд æмæ хъуыддагæй чи архайы, уымæн сæфынæй тас нæу (мордвайаг).

***

Хъуыддагæй йæхи чи тылиф кæны, уый йæхи сайы (хъæрæсейаг).

Радон номыр

# Нæ литературæйы зæрингуырдты уацмыстæй — хъæлдзæг хабæрттæм

**Мыхуыры рацыд журнал "Мах дуг"-ы ацы азы 7-æм номыр. Æхсызгонæй дзы бакæсæн ис литературæйы алы жанрты фыст цымыдисаг æрмæджытæ.**

Сæдæ азы сæххæст зындгонд ирон поэт, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг Мæргъиты Къостайы райгуырдыл. Кæд йæ цард æнцон нæ уыд, уæддæр ын ирон литературæмæ бирæ аив хуынтæ бахæссын бантыст. Йæ поэтикон курдиат куыд аив уыд, уый банкъарыны тыххæй номыры кæсут Къостайы æмдзæвгæтæ æмæ Хуссар Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар Хъазиты Мелитоны уац " Мæргъиты Къостайы царды бонты сабыр дзуринæгтæ", æмæ йе 'мсис хæлæртты хъуыдытæ йе сфæлдыстады тыххæй.

Газет "Рæстдзинад" æмæ журнал "Мах дуг"-ы иузæрдион автор, фæллойы ветеран Кцойты Астемыр уæ размæ хæссы йæ мысинæгтæ "Царды гуылфæнты". Аивадон прозæйæ ма номыры бакæсæн ис УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг, поэт Бызыккаты Земфирæйы радзырд (æцæг хабар) "Бирæгъы нуар".

Аланыстонил Саргъуыды 1100 азы бонмæ журналы сæрмагонд рубрикæйы ис зындгонд историк Владимир Кузнецовы уац "Ирæттæ — Кавказы алантæ".

Журналы редакци кæддæриддæр йе 'ргом здахы Цæгат Кавказы республикæты фысджытæ æмæ поэтты уацмыстæм. Ацы рауагъды та кæсут Адыгейы нырыккон литературæйы бындурæвæрæг Тембот Керашевы уацау "Рæгъаугæсы мастист" æмæ фыссæджы царды хабæртты æрфыст. Æрмæг мыхуыргонд цæуы фыссæджы райгуырдыл 120 азы юбилеймæ.

Зындгонд нывгæнæг Харебаты Валаны цард æмæ



бирæвæрсыг аивадон æрмдзæфы тыххæй йæ уац "Царды æнкъарæнтæ" -йы фыссы аивадиртасæг Биазырты Людмилæ. "Мах дуг"-ы равдысты йын фендзыстут йæ конд нывты хуызистытæ.

Литературæиртасæг æмæ культуролог, газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор Хозиты Барис нæ литературæйы классиктыл æмæ нырыккон поэтты æмæ прозаикты сфæлдыстадыл иу æмæ дыууæ мидисджын уацы нæ ныффыста. Зæрдиагæй архайы сæ уацмыстæ æмæ литературон æрмдзæфыл дзурæг æрмæджытæ бæстон кæныныл дæр. Журналы ацы номырмæ та бæстон разныхасимæ бацæттæ кодта фыссæг Бицъоты Грисы фыстæджытæ поэт Гаджиты Георгимæ.

Журналист æмæ телеуынынады равдыстытæ амонæг Туаты Алинæ ирон адæмæн зонгæ у, куыд аив æмдзæвгæты автор дæр. Сабитæн цы поэтикон уацмыстæ фыссы, уыдонæй цалдæр кæсут рубрикæ "Нæ хуртыхуртæн"-ы. Ам ма ис цæцæйнаг аргъау "Фынæй сæрæнгуырд".

УФ-йы сгуыхт нывгæнæг, зындгонд скульптор Дзбойты Михал йæ очерк "Царды хæрзтæ тауæг"-ы бæлвырд фыссы зынгæ æхсæнадон æмæ политикон архайæг Габпаты Иван нæ дзыллæйæн, æмæ, сæрмагондæй йе сфæлдыстадон фæндаджы рæзтæн цы хæрзты бацыд, уый тыххæй.

"Мах дуг"-ы дунеон премийы лауреатты сфæлдыстадæй ацы номыры ис зындгонд поэт, журнал "Ирæф"-ы сæйраг редактор Скъодтаты Эльбрусы уац "Тугъд æмæ уæлахез".

Уымæй уæлдай ма дзы бакæсдзыстут хъæлдзæг хабæрттæ, мæйы цаутыл афæлгæст æмæ æндæр мидисджын æрмæджытæ.

**АНВАРАТЫ Валери**

Боныхъæд августы

# Сæрд йæ тæмæны бацыд

**Райдыдта август. Къæлиндармæ гæсгæ, август кæд фæстаг сæрдыгон мæй у, уæддæр нæм сæрд йæ тæмæны кæй бацыд, уый фидарæй зæгъæн ис.**



Арæх августы республикæйы хохрæбын районты уæлдæфы температурæ вæййы 20-21 градусы, быдырон районты та — 24-25 градусы хъарм. Ростовы гидрометцентры рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ацы аз Цæгат Кавказы федералон зылды фæзуатыл уæлдæфы температурæ уыдзæн нормæмæ 'ввахс. Æхсæвы уæлдæфы температурæ æрхаудзæн хъармы 15-21 градусмæ, бонæй та температурæ схиздзæн 22-28 градусмæ (хицæн бонты — 30-35 градусмæ).

Цæстдарды бирæазон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, æппæтæй уазалдæр август уыд 1984 азы, уыцы заман уæлдæфы температурæ уыд æрмæст 17 градусы хъарм, æппæтæй хъармдæр август та уыд 2006 азы (уæлдæфы рæстæмбис температурæ уыд 25 градусы).

Августы хур бонтæ æмæ уаргæ бонтæ кæрæдзи арæх ивдзысты. Арæх августы мæймæ республикæйы хохрæбын районты рауары 84-90 мм, быдырон районты та — 35. Ацы аз дæр рауардзæн нормæмæ 'ввахс, кæнæ та — иуцасдæр къаддæр. Арæх уыдзæн тыхуарынтæ, ранæй-рæтты рауардзæн их уаддымгæимæ.

**Светланæ СУХОВА, синоптик**

Радзырд

# Диссаджы райсом...

Иуæндæсаздзыд сидзæр лæппу æмбисæхсæвы æрдæгфынæйæ цæлгæнæнырдæм араст дон нуазынмæ. Талынджы йæм афтæ фæкаст, цæвиттон, саджилæг (вилкæ) æрхауд пъолмæ, ноджыдæр йæ хъустыл ауадысты кæйдæр рог къахдзæфтæ. Тасдзинадæн стыр цæстытæ ис. Лæппу фыртæссæй мады мады уатмæ азгъордта. Тæвдæй йын ракалдта цæлгæнæны цаутæ. Мады мад ын ахъæбыс кодта æмæ йæ сидзæры хъæццулы бын акодта. Лæппу цæстыфæныкъуылдмæ афынæй. Райсомæй лæппуйы фыццаг фарст уыди ахæм:

— Нана, цæлгæнæны пъолыл саджилæг федтай?

— Сослан, ницы дзы федтон, — дзуапп радта мады мад лæппуйæн.

Дарддæр мæ хъустыл ауадис мады мады аив ныхас. Уый сидзæрæн хъавгæйæ æмбарын кодта, йæ дысоны цау цæимæ баст у, уый. Уыцы æмбарынадмæ психологтæ дæр хæлæг цæстæй ракастаиккой.

— Зоныс, Сослан! Уый æхсæвы дæ тасдзинад уыди.

— Æз афтæ нæ хъуыды



кæнын, — бынмæ кæсгæйæ, дзуапп радта лæппу.

— Алы адæймаджы сæры дæр ис алыхуызон къуымтæ: амонд, маст, циндзинад, уарзондзинад æмæ тас. Фæлæ дзы се 'ппæтæй стырдæр къуым ахсы зонд. Мæ лæппу, гыццыл къуымтæ зондæй цæргæцæрæнбонты тох кæнынц стыр къуымимæ. Уыцы тохы, кæцы фæуæлахиз вæййы, уый разамынд дæтты адæймаджы царды. Дысон, æхсæвы дæ сæрыл хæст самадтой стыр къуым тасимæ. Зоныс, Сослан, кæддæр уыцы дыууæ мæ сæрыл дæр афтæ тох кодтой.

— Æмæ сæ дыууæйæ кæцы рамбылдта, нана? — цымыдисхуызæй афарста лæппу.

— Табу Хуыцауæн, зонды къуым фæуæлахиз ис. Сослан, ды кæддæриддæр зонды къуымы æвварс хæц, цæмæй тасы къуым йæ бынат зона! Уæд зонд дæ царды уæлахиздзау уыдзæн цард-цæрæнбонты, — ныхæстæгæнгæйæ мад уатæй йе 'ргом азылдта цæлгæнæнырдæм. Исдуг джихæй лæууыдтæн дуаргæрон, цалынмæ мыл мæ мад йæхи скъуырдта, уæдмæ. Уыцы бон æз иу хорз хабар бамбæрстон:

— Цæмæ нæ хъæуы психолог, кæд æмæ нæ хæдзары ис ахæм хистæр.

Ахæм диссаджы райсом уыди абон...

**КÆРКУЫСТЫ Дианæ, ахуыргæнæг**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

ПОШИВ
матрацев и одеял
(в наличии
и на заказ);
стирка и ческа
шерсти.
ТЕЛ.:
8-906-188-38-83.

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæй, куыстуæттæй, кооперативтæй, алыхуызон фирмæтæй, кинотеатртæй, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ, бæрæгбæтты, куывдты, чындзæхсæвты æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Хъусынгæнинаг

Адæмон фронт рауагъта проект "Æппæтдæр — Уæлахизæн!" Уыцы проекты фæлгæты регионалон хайæдтæм æрбахæссæн ис æфсæддон дæлхайæдтæ æмæ сабыр цæрджытæн дзаумæттæ, уыимæ, материалон-техникон фæрæзтæ æфсæддонтæн.

Ис ма сын æхцайы фæрæзтæй баххуыс кæнæн официалон сайтæй: **https://pobeda.onf.ru/.**

Бæстон хъусынгæнинаг проекты архайыны тыххæй райсæн ис телефонæй: **8-(800)-200-34-11,** стæй ма официалон сайтæй дæр **https://pobeda.onf. ru/.**

Адæмон фронты регионалон хайады адрис:

**Дзæуджыхъæу, Димитровы уынг 2, телефон: 70-70-08.**



**РЦИ-Аланийы Æфсæддон комиссарад сиды граждæнтæм æфсæддон службæмæ контрактон бындурыл Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм.**

**Æвзæрст цæуынц, 18 азæй 50 азы онг кæуыл цæуы, йе 'нæниздзинад фидар кæмæн у, наркологон æмæ психотерапевтон диспансеры хыгъды чи нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ уыд, ахæм адæймæгтæ.**

**Социалон пакет æмæ 200 мин сомæй уæлæмæ.**

**Уæ бон у, цы ран цæрут, уыцы бынаты бацæуын æфсæддон комиссарадмæ кæнæ æфсæддон контрактон службæмæ æвзарæн пунктмæ.**

**Фарстытимæ бадзурæн ис телефонтæй: 8-(8672)-25-68-92, 8-(8672)-76-83-75.**

Номыры радгæс редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныйтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3474. Заказ № 839.

Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru